

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra muncul di masarakat salaku hasil tina inspirasi katut imajinasi. Éta imajinasi téh ngawujud nyata dina karya. Karya sastra teu kawatesanan dina daya hayal hungkul, tapi karya sastra mangrupa eunteung, malah mangrupa pangaruh tina kahirupan nyata tina lingkungan pangarangna. Ieu hal dimaksudkeun yén hiji karya sastra ditulis jeung dihasilkeun ku pangarang salaku bagian tina masarakat dina lingkunganna. Wangun karya sastra di Indonesia hususna di tatar Sunda aya nu wangunna naskah heubeul.

Naskah-naskah heubeul dianggap kalintang pentingna dina hirup kumbuh masarakat. Dianggap penting téh sabab nuliskeun rékam sajarah kahirupan masarakatna, bisa patali jeung hiji bangsa atawa hiji kelompok sosial dumasar kana rinéka budaya anu mangaruhan antar pribadina. Nurutkeun Ekadjati (1988, kc. 1) éta naskah téh mangrupa dokumen anu eusina ngandung pikiran, rasa, sarta pangaweruh hiji bangsa atawa kelompok sosial dina hiji budaya. Naskah heubeul téh salah sahiji asét budaya nu di jerona euyeub ku informasi dina wangun tinulis.

Ngulik naskah Sunda téh teu bisa disapirakeun atawa naskah Sunda téh teu bisa dianggap euweuh jeung teu kungsi aya. Naskah Sunda sarua waé cara kabudayaan anu séjénna kayaning pakakas, pakéan, atawa ritual sarta upacara adat nu kungsi hirup dina kahirupan karuhun urang Sunda. Lantaran naskah téh di jerona ngandung informasi ngeunaan kaayaan masarakat Sunda waktu éta naskah ditulis.

Ekadjati (1988, kc. 4) nétélakeun sawatara kelompok naskah kayaning: (1) agama, (2) étika, (3) hukum adat-istiadat, (4) mitologi atawa légénda, (5) atikan, (6) pangaweruh, (7) paririmbón, (8) sastra, (9) sastra sajarah, (10) sajarah, sarta (11) seni. Naskah-naskah Sunda téh diteundeun di lembaga-lembaga nu aya di Indonésia jeung di nagara deungeun. Aya naskah anu masih digunakeun dina kahirupan sapopoé, aya anu dianggap barang pusaka, sarta aya ogé anu saukur

jadi koléksi wungkul. Musium Sribaduga di Bandung, Perpustakaan Nasional di Jakarta, Musium Geusan Ulun di Sumedang mangrupa sawatara lembaga nu neundeun naskah-naskah Sunda. *Universiteit Bibliotheek* jeung *Australia National University* mangrupa conto lembaga deungeun nu neundeun naskah Sunda anu ditulis di Jawa Barat. Wanda sastra Sunda dina naskah nurutkeun Moriyama (2003, kc. 76) di antarana aya (1) pantun, (2) kawih, (3) carios, (4) babad, (5) jampé, (6) sawér, (7) layang, (8) silsilah, jeung (9) wawacan.

Dina ieu panalungtikan panulis nyokot wanda naskah Sunda nu disebut wawacan. Naskah wawacan nu baris ditalungtik ku panulis nyaéta *Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta*. Ieu wawacan ku Edi S. Ekadjati kungsi ditalungtik dumasar ambahan struktural sacara umum. Ku sabab dina naskah Sunda euyeub ku ajén-inajén, luyu jeung program pamaréntah nu kiwari museur kana soal moral jeung atikan karakter, ieu naskah patali diulik tina atikan karakter.

Kisah sajarah atawa kajadian nu kungsi lumangsung di mangsa nu geus kaliwat mangrupa ambahan *historiografi*. Naskah *Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta* dianggap istimewa lantaran disusun ku palaku nu ngalaman peristiwa atawa kajadianana. Jadi ngabogaan ajén kasajarahana nu luhung sabab sumberna mangrupa sumber primér, nyaéta Haji Muhammad Umar. Malah dina bukuna, Ekadjati (2000, kc. vii) nétélakeun yén Haji Muhammad Umar téh teu ngan saukur nyaritakeun kajadian nu karandapan ku anjeunna, tapi tangtu aya maksud nu ngajadikeun karanganana téh salaku média atikan pikeun entragan sapandeurieunana. Média atikan ieu bakal raket patali jeung sikep, paripolah, sarta ajén nu hadé atawa ajén goréng kudu disingkahan ku entragan sapandeurieunana.

Dina wawacan aya ajén-inajén nu hayang ditepikeun ka entragan kiwari. Di jaman kiwari, nonoman Sunda ulah nepi ka kaleungitan ajén diri. Manusa Sunda, jaga ulah nepi ka kaleungitan ajén. Salah sahiji ajén-inajén nu nyamuni dina naskah téh nyaéta ajén atikan nu bisa disaluyukeun jeung program pamaréntah nu mindeng disebut ajén atikan karakter.

Atikan téh mangrupa salah sahiji cara anu bisa diaplikasikeun di lingkungan kulawarga, masarakat atawa pamaréntah salah sahiji cara di antarana nyaéta pangajaran anu lumangsung di sakola atawa di luar sakola. Atikan ogé kawilang penting pikeun nataharkeun peserta didik sangkan bisa nyaluyukeun dirina jeung rinéka lingkunganana atawa kontéks dina kahirupan ayeuna atawa nu baris kasorang. Wibowo (2013, kc. 1) nétélakeun yén atikan téh mangrupa sarana humanisasi pikeun peserta didik. Atikan ogé bisa museur ngamumulé atawa jadi sarana soal étika jeung moral, anu di jerona aya aturan anu luhung nu bisa ngaping peserta didik sangkan kahontal humanisasi téa.

Cara humanisasi pikeun peserta didik salah sahijina bisa ngagunakeun pangajaran sastra. Pangajaran sastra kawilang penting pikeun peserta didik, lantaran hubunganana raket patali jeung kareueus. Ieu hal luyu jeung naon nu ditétélakeun ku Broto (dina Wibowo, 2013, kc. 127) yén sastra téh bisa ngamunculkeun kareueus, kaéndahan, moral, kaagamaan, muji ka Pangéran, jeung boga rasa mibanda kana sastra sékésélerna.

Salian ti patali jeung kareueus sarta humanisasi tadi, pangajaran sastra ogé raket jeung ajén atikan. Nurhayati (dina Wibowo, 2013, kc. 19) nétélakeun pangajaran sastra jeung sastra sacara umum sajatina nétélakeun ajén kahirupan jeung kahirupan. Ajén kahirupan jeung kahirupan téh teu bisa disingkahan lantaran bisa langsung mangaruhan dina ngawangun karakter manusa. Sastra ogé dumasar ambahan atikan ngabogaan peran sorangan, upamana waé dina ngamekarkeun aspék kognitif, apéktif, jeung psikomotorik. Salian ti éta sastra ogé bisa ngamekarkeun kaparigelan sarta kapribadian hiji manusa.

Nepi ka kiwari aya sababaraha panalungtikan anu sarupa ngeunaan wawacan anu kacatet di Perpustakaan UPI Bandung di antarana: (1) *Wawacan Jayalalana Tilikan Struktural jeung Étnopedagogik* ku Anisa Luthfiyarmatillah lulusan 2016; (2) *Wawacan Carios Munada Ulikan Struktural, Feminisme, jeung Sosiologi Sastra* ku Evi Rahmawati lulusan 2016; (3) *Ulikan Filologi jeung Struktural Wawacan Hikayat Hasan Soig Basri pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan di SMA Kelas XII* ku Rita Rahayu lulusan 2017.

Sanajan sarupa jeung panalungtikan saméméhna, tapi aya bébédanana jeung naon nu baris ditalungtik ku panulis. Bédana dina soal bahan anu dijadikeun panalungtikan sarta ulikanana. Contona ieu judul tesis mirip jeung panalungtikan Rita Rahayu, tapi Rita mah nalungtik wawacan diulik sacara filologi jeung struktural, nu hasilna bisa dijadikeun bahan pangajaran. Sedengkeun ieu tésis medar struktur wawacan sacara formal jeung genetikna sarta maluruh ajén atikan karakterna anu kakandung di jerona, anu hasilna bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

Ieu *Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta* (anu saterusna disingget jadi WPC) anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi Ekadjati (2000), perlu dijadikeun objék panalungtikan anu leuwih mundel pikeun ngabeungharan deui pangaweruh ngeunaan sastra Sunda buhun. Saterusna éta WPC ditalungtik struktur formalna anu ngawengku guru wilangan, guru lagu, pedotan jeung wirahma, adegan, jeung watek pupuhna. Struktur naratifna nu dianalisis teh nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana carita. Struktur génetikna dianalisis nu patali jeung fakta kamanusaan, subjek kolektif, strukturasi, sawangan dunya, maham-nétélakeun. Lian ti éta WPC baris dipedar ogé ajén atikan karakter jeung implikasina kana pangajaran wawacan di SMA.

Ieu panalungtikan dijudulan “Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter dina Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta (Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di SMA).

1.2 Rumusan Masalah

Pikeun medar WPC anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati loba métode nu bisa digunakeun. Supaya teu lega ambahanana ieu panalungtikan téh pasualanana baris dirumuskeun dipedar ieu di handap.

1. Kumaha struktur formal WPC anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati?
2. Kumaha struktur naratif WPC anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati?

3. Kumaha struktur genetik WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati?
4. Ajén atikan karakter naon baé anu nyangkaruk dina WPC anggitan H. Muhamad Umar anu ditransliterasi Edi S. Ekadjati?
5. Kumaha implikasi hasil panalungtikan upama dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sangkan henteu méngpar tina rencana panalungtikan, baris diwincik jadi dua nyaéta tujuan umum jeung ujuan husus. Éta pedaran katitén ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun wangun karya puisi sastra Sunda buhun nyaéta WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA ngaliwatan tiori struktural formal jeung genetik, sarta maluruh ajén atikan karakterna anu kakandung dina eusi téksna. Salaku kabeungharan karya sastra Sunda buhun, ieu WPC téh mangrupa hasil kréativitas karuhun urang Sunda anu kudu dilenyepan maksud jeung eusi pikeun, sarta dimumulé générasi sapandeurieunana boh masarakat umum atawa masarakat akademis.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan aya sababaraha hiji, di antarana:

1. Struktural formal anu nyangkaruk dina WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati;
2. Struktur naratif anu nyangkaruk dina WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati;
3. Struktural genetik anu nyangkaruk dina WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati;
4. Ajén atikan karakter naon baé anu nyangkaruk dina WPC anggitan H. Muhamad Umar anu ditransliterasi Edi S. Ekadjati; jeung

Rizal Hadiansyah, 2020

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA WAWACAN CARITA PERANG CINA DI TANJUNGPURA KABUPATEN PURWAKARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5. Implikasi naskah WPC anggitan H. Muhamad Umar anu ditransliterasi Edi S. Ekadjati anu dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta ngabeungharan élmu pangaweruh dina widang sastra wawacan jeung méré informasi ngeunaan struktural formal, struktural naratif, struktural génetik, sarta ajén atikan karakter dina WPC anggitan H. Muhamad Umar anu ditrasliterasi ku Edi S. Ekadjati sarta implikasina pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Leuwih mundel deui diwicik sababaraha mangpaat anu sifatna praktis di antarana baé:

1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho jeung meunang pangalaman émpiris nalungtik ngeunaan wawacan utamana soal struktur génetik, jeung ajén atikan karakter anu nyangkaruk dina objék panalungtikan.

2) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Hasil dina panalungtikan ieu wawacan bisa nambahan kabeungharan pangajaran basa jeung sastra Sunda anu euyeub ku sarupaning analisis karya sastra hususna struktural formal, struktural naratif, struktural génetik, sarta ajén atikan karaktér.

3) Pikeun Hasanah Kasusastraan Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabeungharan hasanah sastra Sunda dina widang ilmiah jeung ngabeungharan élmu pangaweruh dina widang sastra hususna nu patali jeung wawacan.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan baris disusun dina wangun tésis anu ngawengku lima bab. Sistematika tulisanana ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ihwal anu aya patalina jeung kasang tukang panalungtikan tina masalah anu baris ditalungtik, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan anu jadi dasar nyusun tésis.

BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab eusina dipedar ihwal tiori jeung konsép anu baris digunakeun pikeun medar jeung analisis WPC angitan H. Muhammad Umar anu ditraslitirasi ku Edi S. Ekadjati. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu saluyu jeung rumusan pasualan dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari sastra, wawacan, struktur formal wawacan, struktur naratif wawacan, struktur génetik wawacan, sarta ajén atikan karakter sakumaha pamanggih para ahli dina éta widang jeung kumaha implikasina hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar pangajaran di SMA.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan métode panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku: (1) desain panalungtikan; (2) téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, (3) instrumén panalungtikan, sarta (4) data jeung sumber data. Ieu bab ditulis sangkan méré gambaran kumaha galur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, kumaha cara nganalisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Dina ieu bab eusina medar perkara hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung rumusan pasualan ogé tiori dina BAB II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé anu kapanggih ka asup ulikan struktural formal, naratif, jeung génetik. Sanggeus kitu, laju panalungtikan dituluykeun ku ngébréhkeun ajén atikan

karakter naon waé sarta kumaha wangunna éta ajén sangkan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

BAB V KACIDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sababaraha saran patali jeung hasil panalungtikan. Utamana bakal patali jeung rékoméndasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngsena ieu panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu baris dilaksanakeun kahareupna.